

**FDA****U.S. FOOD & DRUG
ADMINISTRATION**

HPV


(papillomavirus imen)

Ki Sa HPV Ye?

HPV (papillomavirus imen) se yon viris ki transmèt seksyèlman. Li pase nan kontak jenital (tankou sèks nan vajan ak nan dèyè). Li pase tou pa kontak po-a-po. Omwen 50% nan moun ki te fè sèks pral gen HPV nan kèk tan nan lavi yo.

Pou Ki Sa Mwen Pa Tande De HPV?

HPV se pa yon viris ki nouvo. Men anpil moun pa konnen de li. Pifò moun pa gen nenpòt siy. HPV ka ale pou kont li - san li kòz okenn pwoblèm sante.



Biwo FDA nan Sante Fanm
www.fda.gov/womens

Ki Es Ki Ka Jwenn HPV?

Nenpòt moun ki te janm gen kontak jenital ak yon lòt moun ka gen HPV. Tou de gason ak fanm ka jwenn li - epi pase li - san yo pa konnen. Paske ka pa gen okenn siy, yon moun ka gen HPV menm si ane pase depi li te fè sèks.

Ou gen plis chans pou ou pran HPV si ou genyen:

- Sèks nan yon laj byen bonè,
- Anpil patnè seksyèl, oswa
- Yon patnè seksyèl ki te gen anpil patnè.

Si Pa Gen Siy, Poukisa Mwen bezwen enkyetew sou HPV?

Gen plis de 100 diferan kalite HPV epi se pa tout ki kòze pwoblèm sante. Kèk kalite HPV ka kòze pwoblèm tankou veri jenital. Kèk kalite nan HPV kapab kòze kansè nan kòl matris la, vajan, vulva, oswa anus. Pifò nan pwoblèm sa yo koze pa kalite 6, 11, 16, oswa 18.

Èske gen gerizon pou HPV?

Pa gen okenn gerizon pou viris (HPV) la. Genyen tretman pou pwoblèm sante HPV kapab kòze, tankou veri jenital, chanjman nan matris, ak kansè nan matris.

Ki sa mwen ta dwe konnen de Veri Jenital?

Gen anpil chwa pou tretman veri jenital. Men, menm apre yo fin trete veri yo, viris la ka toujou la epi li ka pase bay lòt moun. Si veri jenital yo pa trete yo ka ale, rete menm jan an, oswa ogmante nan gwozè oswa kantite, men yo pap tounen kansè.

HPV (papillomavirus imen)

Ki Sa Mwen Ta Dwe Konnen De Kansè Nan Matris?

Tout fanm ta dwe fè tès Pap regilyèman. Tès la cheche pou chanjman selil ki te koze pa HPV. Tès la jwenn chanjman selil yo byen bonè - pou matris la ka trete anvan selil yo tounen kansè. Tès sa ka jwenn tou kansè nan premye etap li yo pou li ka trete anvan li vin twò grav. Li ra pou mouri nan kansè nan matris si maladi a kenbe bonè.

Ki Sa Mwen Ta Dwe Konnen De Kanse Vajinal Oswa Vulvar?

Kansè Vajinal se kansè nan vajen(kanal nesans). Kansè Vulvar se kansè nan klitoris la, bouch nan vajen, ak ouvèti nan vajen an. Tou de kalite kansè sa yo ra anpil. Se pa tout kansè nan vajen oswa vulvèr ki te koze pa HPV.

Ki Sa Mwen Ta Dwe Konnen De Kansè Nan Deye?

Kansè nan deyè se kansè ki fòme nan tisi anus la. Anus la se ouvèti a nan rektòm lan (dènye pati nan gwo trip la) rive nan deyò nan kò a.

Eske Gen Yon Tes Pou HPV?

Wi. Li teste pou kalite HPV ki ka mennen nan kansè nan matris. FDA te apwouve tès HPV pou itilize pou fanm ki gen plis pase 30 an. Li ka jwenn HPV menm anvan gen akin chanjman nan matris la. Fanm ki gen tès HPV la toujou bezwen fè tès Pap la.

Eske Mwen Kapab Anpeche HPV?

FDA apwouve vaksen ki anpeche sèten maladi, ki gen ladan kansè nan matris, ki te koze pa kèk kalite HPV. Mande doktè ou si ou ta dwe pran vaksen pou HPV.

Ki Lot Bagay Ke Mwen Fe Poum Bese Chans Mwen Jwenn HPV?

- Ou ka chwazi pou pa fè sèks (abstinans).
- Si ou fè sèks, ou ka limite kantite patnè ou genyen.
- Chwazi yon patnè ki pa te gen okenn oswa kèk patnè seksyèl. Mwens patnè patnè ou te genyen an - mwens chans li genyen HPV.
- Li pa konnen ki kantite kapòt pwoteje kont HPV. Zòn ki pa kouvri pa kapòt la ka ekspozé a viris la.

Fèy enfòmasyon sa te devlope pa Biwo FDA nan Sante Fanm.

Pou jwenn lot resous sante pou fanm, ale nan

www.fda.gov/womens